

VWA BONDYÈ A NAN

DÈNYE JOU SA YO



Sètènman se yon privilèj pou m retounen pami pèp Panyòl sa yo ankò maten an. E m ap mande m si Jim ap anrejistre sa a. O, l ap fè anrejistreman an. Mwen gen ankò disk ke ti koral Panyòl la te fè lè m te isi a anvan avèk Frè Garcia. E mwen bliye ti chante sa yo te konn abitye chante pou mwen an. Men, o, ala renmen mwen te renmen sa! E tout timoun sa yo fin gran e yo marye. Mwen pran nouvèl yo de tanzantan. E antan m t ap antre maten an e m te wè ti Joseph, e bon sa te reyèlman fè kichòy sou mwen, e sètènman mwen te kontan wè w.

² E, kounye a, mwen konn yon mo m ka di an panyòl. Èske nou ta renmen tandè l? “Alélouya!” Mwen pap janm bliye mo a. Yon fwa mwen t ap eseye fè yon fanm ki soud tandè m. Bon, m ka petèt di sa mal, ou wè, men meyè fason m sonje se te “oye.” Se sa? *Tandè m. Tandè:* “oye.” Epi mwen pa janm bliye: “Gloria a Dios!” Se te jis yon mèvèy! O, mwen te genyen opòtinite pou m te desann nan kapital la, Vil Meksiko, pou m te pale avèk yo laba a. Ala kontan m te kontan! E mwen te konn . . .

³ Mwen te ale Fenlann apre m te fin kite isi a. E sa toujou fè m sonje lè m tap pale ak yon ti fanm Fenlandèz. Yo te fè m monte nan yon bagay yo rele “bethany.” Chak nasyon gen pwòp fason panse pa l. (Èske mwen, èske nou tandè eko a, èske mwen two pwòch sa a? Èske nou tandè byen? Se fini.) Ti fanm sa a, li te yon ti madanm byen janti. Men li te tankou m, li te renmen pale anpil. E entèprèt la . . . madanm lan te pale vrèman vit, e—e entèprèt la pat ka di ase vit sa li te vle di a. E li te kanpe e figi l te vin wouj, li di: “Mwen gen pou m regle ak moun Babilòn yo.”

⁴ Men, ou konnen, mwen remake ke tout zwazo yo—yo tout chante an anglè, chyen yo jape an anglè, bebe yo kriye an anglè. M ap mande m ki pwoblèm nou. Men nou chak panse ke se lang pa nou—nou an ki va lang k ap pale nan Milenyòm lan, sèten. Men pou nou ki resevwa Sentespri a, sa se laverite, paske nou gen yon langaj nan Syèl la.

⁵ Nou gen Frè Rowe isi a avèk nou maten an, yon diplomat Washington. Mwen kwè li fè sèvis sou senk oswa sis Prezidan, sèt Prezidan. E nou konnen ki jan m santi m pou m kanpe isi a, sou estrad sa a, ap pale, alòske yon nonm konsa chita deyè m nan. Men temwayaj li toujou yon bagay tèlman eksepsyonèl pou mwen, e espesyalman lè li . . . Mwen kwè li te Literyen, si m pa twonpe m, oswa Katolik oswa Literyen, Literyen. E li di li . . . yon zafè ranpe anba yon tant pandan yon reyinyon Pannkotis, e

li te leve . . . Finalman li te dirije l ale sou lotèl la, e, lè li te fè sa, Seyè a te desann sou li e Li te beni l sitèlman ke . . . Mwen kwè li ka pale anviwon sèt diferant lang. E li di li te eseye youn, “sa pat mache,” kifè li te eseye yon lòt, “sa pat mache.” E mwen sipoze ke li ka pale panyòl menm jan ak nou tout. Alò li—li te eseye yo tout, e yo toujou pat mache. E, ou wè, ou konn yon bagay, Bondye te sitèlman bon, Li te desann e Li te ba li yon lang ke li pat janm eseye anvan sa, li di: “Sa mache!” Se sa. Mwen kwè ke se konsa l pral ye lòt bò a.

⁶ Mwen gade anpil souvni nan kè m konsènan ti legliz laba a, mwen kwè l . . . o, mwen bliye ki kote l ye. Li bò isi a yon kote tou prè ri Tonto a. E mwen sonje sa. M fè jis panse a mo sa “ri Tonto,” kote legliz Apostolik Panyòl la te ye a.

⁷ Mwen t ap di pastè a: “Sa te ka yon gran kote pou òganize yon revèy,” chaje ak plas, legliz la nèt, moun yo janti. Alò mwen panse ke sa t ap byen tonbe pou òganize yon revèy yon jou. Priye pou sa, pou n ka vini e òganize yon revèy. Bon, mwen espere ke se va youn repetisyon de sa ki te pase nan lòt legliz la. Mwen sonje lè moun yo te konn kanpe nan lakou a, yo te konn apiye sou kloti a, nan tout lari yo, pandan m tap eseye pati yon jou swa, sèten se te yon moman rejwisans ke m pa janm bliye. E mwen gen yon—yon anrejistreman ti medam yo, demwazèl yo ak frè yo ki te chante e ki te fè yon anrejistreman. E yo te eseye chante “Only Believe,” e yo pat ka arive chante l jan yo te dwe, ou konnen. Olye pou yo te di “only believe,” yo t ap di “yeonea believe,” ou wè.

⁸ E mwen sonje Rebekah, pitit fi m lan, ak Sarah, e k ap di ankò: “Papa, chante, pase ti anrejistreman sa ti . . .” Olye yo di “Spanish,” yo pat kapab pwononse mo sa a, yo di: “Tifi Spinach yo, jèn tifi spinach yo k ap chante ‘Only Believe.’”

⁹ Ebyen, mwen sonje ke yo te swiv reyinyon yo. Revèy la te sou pye lè sa a, e yo te swiv reyinyon yo nèt ale jis nan Kot Wès la. E mwen . . . yon ti bagay te rete nan kèm lè m te kite Kalifòni, Frè Moore ak mwen, ak Frè Brown, jis anwo nan kapitòl la. E lè m te travèse bilding sa jou swa sa a, timoun sa yo te kanpe la yo t ap chante sa: “L ap pran swen ou.” Ou te tande l. “Ke se nan bon oswa nan move jou, L ap pran swen ou.” Anpil fwa nan peyi etranje yo, lè m sou chan batay dezagreman ki nan lemòn, pou m eseye pote Mesaj Kris la, mwen sonje ti fi ak ti gason sa yo ki konn ap chante chante sa pou mwen: “L ap pran swen ou. Ke se nan bon oswa nan move jou, Li toujou ap pran swen ou.” Alò se te yon gran sous enspirasyon, yon èd.

¹⁰ Mwen sot rankontre bon pastè nou an, e mwen trè kontan wè legliz la vivan e ke nou posede bèl gwo bilding sa isi a, tout moun ka chita, anpil plas pou pake. Jis yon vrè plas nan men Sentespri a, si nou te ka jis fè Li wè e konnen ke n ap kriye pou yon revèy. Li, mwen kwè Li t ap ban nou youn.

11 Bon, aswè a n ap nan legliz Frè Outlaw a, legliz Non Jezi a, bò lòt kote a laba a. E Frè Outlaw, mwen kwè nan . . . se yon legliz Apostolik li ye, tou. Mwen kwè se jis non li sa, legliz, Non Jezi a. Mwen kwè li gen yon kwayans apostolik. E alò n ap la aswè a. E kounye a nou pap di legliz Panyòl la: “kounye a ou dwe ale laba a,” paske ou dwe rete nan pòs ou. Epi pral genyen yon gran rasanbleman ke Mesye Zafè Kreyen yo ap òganize, kòmanse nan jedi, apre sèvis yo fini nan lòt legliz yo, jedi. E nan konvansyon sa a, pral gen kèk oratè eksepsyonèl, tankou Oral Roberts, ak yon frè Metodis ki fèk sove, epi yo di ke li se yon predikatè enèjik. E mwen sèten ke n ap renmen konvansyon sa yo. E konsènan nou menm adolesan yo, y ap òganize yon rasanbleman la a pou adolesan yo tou, jan frè a jis sot anonse a. M ap voye timoun pam yo la a pou yo ka patisipe ladann. E alò kounye a nou mèt vini, n ap kontan wè w. Ke Seyè a beni nou tout.

12 E kounye a mwen vle ale nan Bib la epi li yon pòsyon nan Pawòl beni Li an. E mwen chwazi kèk tèks maten an, pou yon ti moman, mwen pa gen entansyon gade nou twò lontan, e youn ladan yo nou jwenn li nan 1 Samyèl, lòt la nou jwenn li nan Ezayi. E mwen ta renmen li nan Ezayi anvan. E mwen . . .

13 Èske nou ka tandè byen, tout kote? Nan mitan mikro sa yo, sanble yo trè sansib pou mwen, m pa konn poukisa. Si nou tandè byen laba a, leve men nou. Se bon, se bon.

14 Bon, mwen yon ti jan anwe, natirèlman, se paske mwen ap pale tout tan. E depi lè m te vin isi a pami frè Panyòl sa yo, sa gen anviwon sèzan, mwen kwè, petèt sa ka fè anviwon sèzan oswa disètan, ebyen, m te toujou ap preche depi lè sa. Kifè mwen te fatige lè sa, mwen te di, e mwen ankò fatige, men m ap kontinye ankò ak gras Bondye.

15 Kounye a annou li nan Ezayi 40, chapit 40 la nan Ezayi; epi nan chapit 1 an, osinon chapit 3 a nan 1 Samyèl. E pandan n ap kenbe pasaj sa yo pou nou li Pawòl la, mwen ta renmen nou koube tèt nou kounye a yon ti moman pou lapriyè.

16 Papa nou ki nan Syèl la, nou rekonesan jodi a pou privilèj nou genyen pou nou kanpe nan bèl tanp sa ki dedye pou Bondye ak travay Li. E kòm nou konnen an sèvitè Ou yo konn kanpe deyè platfòm sa isi a osinon chè sa a anpil fwa, ak yon vi konsakre pou sèvis Ou.

17 E bagay sa, maten an, raple m souvni, souvni yon revèy ki te fèk kòmanse, avèk Sentespri a ki te desann sou fòm yon gwo Limyè, tankou yon Kolòn Dife, e Li te deklare ke Mesaj la gen pou baleye tout latè. E jounen jodi a sa se istwa. Mesaj la pran dife sou kèk gran mesye, apre yo fin wè L, tankou Oral Roberts ak Tommy Osborn, ak Tommy Hicks ak yon bann lòt. E gras a efò nou deplwaye ansanm, nou wè Mesaj la limen anpil dife revèy nan chak nasyon ki anba Syèl la, Mesaj pannkotis la. Pou sa nou ba W remèsiman ak lwanj, O Bondye Pwisan.

¹⁸ E kounye a nou priye pou Ou ka dispoze kè nou, pou li prè pou yon gran Anlèvman ki pral rive byento, nou kwè. E si kè nou yo pa dispoze pou sa oswa nenpòt lòt bagay ke Ou rezève pou nou, nou priye pou W padonnen mankman nou yo, e pou Ou pale avèk nou jodi a atravè Pawòl Ou. Beni pastè legliz sa a, dyak yo, administratè yo, ak tout layik yo, manm yo. Beni ti koral sa a, e pyanis la, mizisyen yo. Tout ansanm, beni sila yo k ap antre nan pòtay plas sa a. Ke yo kapab soti la chanje a chak fwa, yon ti jan pi pre Ou ke jan yo te ye lè yo te antre a. Fè sa Papa. E ke sa kapab konsa, maten an menm, paske nou mande l nan Non Jezi. Amèn.

¹⁹ Bon ann ale nan Liv Ezayi, chapit 40 lan, pou nou li.

Konsole w, konsole w *pèp mwen an, Bondye . . . di.*

Pale pawòl ankourajman sou *Jerizalèm*, epi di l byen fò, ke tan soufrans li yo fini, ke tout movè aksyon li yo padonnen: paske li te peye an doub nan men SEYÈ a . . . *pou peche l yo.*

Se *vwa* sila a ki *ap rele fò* nan *dezè* a, *Prepare chemen SEYÈ a*, fè dirèkteman nan *dezè* a *yon gran wout pou Bondye nou an.*

Tout vale yo va leve tèt yo, e montay yo ak tout *mòn yo* va aplati: epitou sa k kwochi va vin dwat, e plas ki mal fèt y ova vin bèl:

E glwa SEYÈ a va revele, epi tout moun ansanm va wè l: paske se bouch SEYÈ a ki te di l.

Kounye a nan Liv Samyèl la, 1 Samyèl, chapit 3, mwen vle li vèsè 1, 2 ak 19 la:

E *Samyèl* ki te *timoun* t ap fè *sèvis* pou SEYÈ a nan prezans *Eli*. E Pawòl SEYÈ a te ra nan jou sa yo; pat gen vizyon pou bay direksyon.

E sa te vin rive lè sa a, pandan *Eli te kouche* nan kabann *li*, epitou *je* l te kòmanse ap febli, nan pwèn, *li pat ka wè*;

. . . la a *lanp* Bondye a te *limen* nan *tanp* SEYÈ a, *kote* ach Bondye a *te ye* a, e *Samyèl* te *kouche* ap dòmi;

Lè SEYÈ a te *rele* . . . epi li te *reponn*: *Men mwen.*

Vèsè 19 la:

E *Samyèl* t ap *grandi*, epi SEYÈ a te *avèk li*, e li pat kite okenn *pawòl* Li tonbe atè.

²⁰ O, gen ase tèks la a pou nou ta pale pandan yon mwa, e nou ta ka tire anpil kontèks nan bèl tèks sa a. Men maten an, e nou genyen jis anviwon ven minit pou nou fini nan tan nòmal ak . . . Mwen panse ke lekòl dimanch lan lage osinon petèt l ap fèt apre sila a, mwen pa konnen. Men, sepandan, mwen vle itilize sijè sa a, *Vwa Bondye A Nan Dènye Jou Sa Yo.*

21 Se yon tan ekstraòdinè. Nou realize ke kote nan Lèzekriti n ap pale a, ke sa te di: “Se bagay ki te ra anpil pou Seyè a te fè moun wè l nan jou Samyèl yo.” Se poutèt sa: “Kote ki pa gen vizyon,” Bib la di, “pèp la ap peri.” Nou dwe genyen yon vizyon. E vizyon yo vin jwenn pwofèt yo, e se Pawòl Seyè a ki adrese a yo menm.

22 E nou jwenn ke Eli pat yon pwofèt, Eli te yon sakrifikatè. E li te kòmanse vin yon vye granmoun, e je li yo t ap bese, e li pat ka wè pou l te ka deplase, se te yon gwo nonm lou. E li te kòmanse neglije travay Seyè a.

23 E se yon bagay ki sanble ak jounen jodi a. Mwen kwè ke legliz, òganizasyon ak denominasyon yo, yo sou teren an sa fè yon bon bout tan, e yo kòmanse ap relache. E travay Seyè a kòmanse neglije, Pawòl Verite a, paske legliz la, li menm, vin wè twoub. E nou bezwen, jodi a, pou Vwa Bondye a pale nan mitan nou, mennen nou tounen.

24 E, ou wè, Eli te kouche, e . . . je l yo t ap febli. Li te yon sakrifikatè. E yo pat gen vizyon klè de zafè Seyè a. E se te yon gwo bezwen!

25 E Bondye pwomèt pou reponn a bezwen moman an. Li toujou fè sa. E nou bezwen Vwa Bondye jodi a, pou reponn a bezwen moman an, pou fè fas a tan n ap viv ladann lan. E apre ke Li te fin pwomèt li, nou mèt gen asirans ke L ap kenbe pwomès Li. Se konfyans sa ke kwayan an genyen nan Kreyatè li a, ke Li pwomèt L ap reponn a bezwen yo.

26 E, jodi a, youn nan rezon kifè legliz nan kondisyon ke li ye a, se paske genyen si tèlman pakèt vwa, si tèlman pakèt lòt vwa ki mennen legliz lwen Vwa pa Bondye a, jiskaske ou ka doute ke yon bann moun ka pa kab tandè Vwa Bondye a menm lè L ap pale nan mitan yo. Yo petèt menm pa ka konprann Li, paske Li te vin yon bagay etranj pou yo. Yo si tèlman konsantre sou vwa ki gen jodi yo!

27 E si nou remake, nan Ekriti nou li a, Vwa Bondye te etranj pou yo.

28 E sa rive konsa ankò jodi a, ke Vwa Bondye . . . Si tèlman gen lòt vwa. E si Bondye te pwomèt ke Li tap ban nou Sa, epi si lòt vwa yo kontrè a Vwa Bondye a, kifè se dwe vwa lenmi nou an, ki vle rann nou konfi, pou nou ka pa tandè Vwa Bondye a lè Li pale.

29 E nou remake ke se te menm bagay la nan ka Eli ak Samyèl, men Eli te rekonèt menm lè a ke se te Bondye. E se te absoliman yon—yon madichon kont Eli. Paske, Vwa Bondye, ki tap pale ak Samyèl la, te di l move aksyon Eli yo, paske li te konn dòlote pitit gason l yo, e yo te konn pran lajan ak—ak vyann ofrann yo. Sa pat byen. E yo t ap fè de move bagay, ki kontrè a Pawòl Bondye a.

30 E Samyèl te genyen . . . sèl bagay Samyèl te ka fè, se te pwononse pawòl la egzakteman. E li te yon ti jan ezite pou l te

fè sa, paske sa te kont plas menm kote yo te voye l pou l elve grandi a, avèk Eli epi nan tanp lan. Men Eli te di: “Ou mèt pale.” Ou wè? E li te di l egzaktman kisa k ta pral rive, ke Samyèl . . . oswa, “Jou Eli yo te fini, kòm yon sakrifikatè,” paske Bondye te fin pale, e Bondye te voye Mesaj Li atravè Samyèl pwofèt la. Nesans li te trè bizà, li te dedye pou Seyè a depi li te timoun. Bondye te pale avèk li, lè l te timoun, e Li t ap prepare li pou yon travay ki t ap tann pi devan. E tan Eli te rive nan bout li.

³¹ Gen tèlman anpil vwa sou tè a jodi a, ke sa rann bagay yo absoliman difisil, paske sa toufe Vwa ki Sinatirèl la. Gen tèlman anpil vwa entelektyèl, gwo vwa pwisan moun ki entelektyèl, ke, menm ak kondisyon entelektyèl yo a, arive sekwe nasyon yo. Yo pa moun ki annik parèt konsa, men yo sekwe nasyon yo, yo arive rasanble gwo òganizasyon ansanm, fè gwo kanpay, ak bagay ki atiran. E yon moun te ka yon ti jan konfi. Se ase pou mete yo nan konfizyon, fason bagay sa yo ap fonksyone epi pwospere. E gen vwa sila yo ki—ki ap leve pou fè bagay sa yo, e yo lakoz ke Vwa Bondye a retwouve l yon kote dèyè nèt, vrè Vwa pa Bondye a.

³² “Epi Vwa Bondye a,” yo di, “kòman n ap fè konnen si se Vwa Bondye?” Paske, pou jodi a . . . Nan tan sa li te nan yon pwofèt konfime. Kounye a, jodi a, fason pou nou konnen ke se Vwa pa Bondye a, se atravè manifestasyon Pawòl pwofèt la. Se sa ki pwofèt Bondye a. E yon veritab Vwa Bondye ap sèlman ramne vrè Bondye Sinatirèl la, ki vivan an, ak Pawòl Sinatirèl Li a, ak manifestasyon Sinatirèl ki akonpaye Vrè Pawòl la. Sètald nou konnen ke Se Vwa Bondye a. Paske, e ke Sipè- . . . Gen tèlman lòt vwa nan lòt domèn yo, ke sa jis prèske toufe L. Men, sonje, Li gen pou L briye, Li gen pou L eklate! Li va fè l.

³³ Bon, gen yon vwa jodi a nan mond politik. Sa se yon gran vwa. E moun yo, absoliman, nan gran jou politik sa, y ap . . . Sa melanje nèt nan legliz yo ak tout bagay. E anpil fwa, kòm nou sot wè toutalè a, ke vwa politik avrèdi pi fò ke Vwa pa Bondye nan legliz yo, san sa pèp Ameriken an pa t ap janm fè sa yo fèk sot fè la a. Ou wè? Yo pa t ap janm fè l. Si yo te kenbe Vwa Bondye a vivan nan legliz, yo pa t ap janm komèt erè sa yo. Men vwa politik la si tèlman pi fò sou latè jodi a ke Vwa Bondye a, jiskaskè moun yo vann dwadenès Kreyen yo pou melanj popilarite, edikasyon, ak pouvwa politik. Se tèlman yon wont pou wè sa. Bagay menm ki te fonde nasyon nou an, sou sa li te fonde sou li a, moun yo te fè demitou e—e yo te vote pou bagay sa nou te kite pou lòt peyi yo. Epitou—epitou Plymouth Rock, ak *Mayflower* ak yo menm, te vin pa bò isi a e—e yo te poze baz gwo ekonomi sa ke nou genyen an. Se bagay menm nou te konbat ak tout fòs nou pou n te soti ladann lan, ke nou remete tèt nou nan angrenaj li, paske Bib la te di ke sa va fèt konsa.

³⁴ E sistèm Eli a: yon sakrifikatè olye yon pwofèt. Pwofèt la se Pawòl la. E sakrifikatè a se te legliz.

35 E sa te rive nan yon pwen kote sa te kòmanse tèlman ap penyen lage ke Pawòl la te vin etranj pou moun yo. Yo pa sezi Li. Kifè ou mèt di L, men yo pa konprann Li, paske yo pa antrene pou Li. Pòl di: “Si twonpèt la bay yon son ki pa klè, ki moun k ap konnen pou li prepare tèt li pou l al nan lagè?”

36 Yo antrene moun yo pou yo koute vwa yon—yon—yon legliz, twonpèt yon legliz: “Nou gen plis moun nan lekòl dimanch nou yo ke lòt rès yo.” Sa pa vle di anyen. “Nou gen plis moun nan denominasyon nou an ke lòt rès yo. Se nou ki pi gwo pami denominasyon yo.” Ou wè, se pou jan de vwa sa ke moun yo antrene. Yo pran lari, soti al cache moun yo epi fè yo vin manm. Se pa dizèn de milye e milye de fwa nan gwo kanpay, ke yo fè yo vin manm. Kisa ki enterese yo? “Nou gen pi gwo legliz. Nou gen pi gwo asanble. Se lekòl dimanch nou an ki gen pi plis manm. Nou gen majistra vil la k ap frekante legliz nou an.” Tout sa kapab bon, men si menm legliz sa a pa antrene pou Vwa Bondye a, Twonpèt Levanjil la, kisa sa ap sèvi?

37 E lè yon bagay souleve jis tankou lè te gen pwoblèm nan mitan gouvènman an, kisa k te pase? Legliz la pat rekonèt Vwa Twonpèt la, e yo pat konnen kisa pou yo te fè. Gwo pwomès pwosperite, yon jeyan entelektiyèl vin fè l manm, e yo te anbake nan bagay menm ke Bib la te predi a, e yo fè l antre. Ou wè, se yon vwa politik! E sa pwouve ke li domine Vwa la relijyon, san sa yo pa t ap janm fè sa yo te fè a, Vwa Levanjil la. Paske yo pwomèt nou yon pakèt bagay, yo pwomèt nou pwosperite, e pa gen okenn dout ke n ap genyen l.

38 Men, malgre tou, sa pa vle di anyen pou yon kwayan. Ale nan Liv Ebre, nan onzyèm chapit la, tandè sa Sen Pòl di, kòman moun sa yo menm, nan epòk pa yo: “Yo t ap kouri yon kote al nan yon lòt, yo te abiye ak po mouton epi po kabrit, yo te demini, yo pat gen yon kote pou yo rete, yo pat ka antre nan vil la.”

39 Mwen t ap li nan liv Konsil Nise a, lè gwo sijè diskisyon yo te souleve a Nise, Wòm, twasanzen apre lanmò Kris la, nan gran Konsil Nise a, lè gran legliz la te pran pozisyon pou sa ki jis, yo te vle Bib la. E Women ki te konvèti nan premye legliz Wòm yo te enjekte dògm, tankou pa egzansp, nou gen Nwèl.

40 Nwèl, Kris pa plis ne yon jou vennsenk desanm ke mwen. Franchman, montay nan Jide yo te gen nèj, e Li . . . Sa kontredi tout lòt pwofesi nan Bib la. Li te fèt nan prentan, tankou tout ayo. Poukisa Li fèt nan yon etab olye de yon kay? Li te yon Ayo. Poukisa Li pat jis kouri al sou lotèl la oswa sou lotèl pa L la kote Li te kloue, kwa a? Yo te mennen L sou kwa a. Yo mennen yon mouton labatwa. Li te yon Ayo. Kifè Li te fèt nan lè ayo yo konn fèt.

41 Men, ou wè, pou yo te fè sa, yo te pran fèt dye solèy la, ke, dapre sistèm solè a, solèy la—la nan espas senk jou kòmanse ven desanm jouk li rive nan vennsenk desanm, se apèn si solèy la

konn bouje. Li—li varye yon ti kras chak jou, li dire pi lontan pi lontan pi lontan jouk li rive nan jou ki pi long lan nan mwa jiyè. E alò, an desanm, li rive nan jou ki pi kout la. E nan ti tan sa a ki vennsenk lan, kòmanse nan ven jouk li rive nan vennsenk, yo te konn òganize sik Women yo e yo te konn fete fèt dye solèy la. Alò kidonk Jipitè, ki te yon dye Women, e alò yo te enjekte l, e lè sa yo di: “N ap pran Fis de Dye a ak fèt dye solèy la, n ap mete sa ansanm pou n fè yon sèl gwo fèt.” Se kontrè! E, o, anpil bagay te enjekte ke yo mete la a!

⁴² E alò lè vrè mesye pa Bondye yo ki te konn vle rete ak Pawòl la, tankou Polikap, Irene, Maten, gran mesye sen primitif sa yo ki te konn vle rete ak Laverite. . . E lè yo vin konvoke Konsil Nise a, yo te si tèlman rejte kèk nan moun sa yo jiskaske plizyè pwofèt te soti nan dezè a te vini san anyen sou yo sèlman yon mònso po mouton, pou yo te chita patisipe nan konsil la. Men yo te konnen Pawòl Seyè a. Men popilarite, ak kenz jou politik sanginè sa yo, te kouvri Li. Lè sa nou te vin gen milan aj tenèb, ou wè.

⁴³ Men Bondye te pwomèt ke Twonpèt sa a va gen pou l sonnen ankò. Pèp la toujou ap tande vrè Vwa Pawòl la, toujou egzamine sa w ap fè avèk Pawòl la.

⁴⁴ Vwa politik. E nou menm ki nan Etazini ak rès kote nan mond lan, nou gen yon gwo vwa k ap pale byen fò jodi a, e sa se vwa Hollywood. Li pran kontròl mond lan. Kite yon moun sot Hollywood ak yon bagay, w ap jwenn li nan tout peyi a. Kounye a, nou remake ke yo etabli yon modèl pou fanm yo, nan zafè rad, nan zafè kwafi cheve. Yo etabli jan de modèl rad sa a.

⁴⁵ Legliz ta dwe konnen Vwa Twonpèt Bondye a konsènan bagay sa! Men si tèlman gen konfizyon paske se konsa nou wè lòt yo ap fè, kòm egzanp. Piga ou janm bay tèt ou jan de modèl sa a kòm egzanp, paske li gen pou l peri. Toujou tande Vwa Bondye a, kisa Li di sou sa.

⁴⁶ Epi alò nou remake, nan Hollywood, yo pwodwi yon pakèt bagay. E jis pèmèt mwen pale sou sa jis yon ti moman anvan nou ale pi lwen. Te gen yon—yon bagay ki te soti sa pa fè lontan, ke yon—yon nonm ki nan Hollywood. . . Bon, mwen pa gen anyen kont nonm lan, li se yon mòtèl ke Kris te mouri pou li, men se jis pou m montre nou. Yo te envante yon ti bagay yo rele, ti moun yo konn itilize l, yo rele “hula-hoop,” hula-hoop, osinon yon bagay konsa. E si nou te ka remake vilgarite ak tout bagay ki te vin apre sa, bagay sa a, kay timoun yo. Se pa kòrèk.

⁴⁷ Bon, Hollywood chaje ak—ak bandi ak zam. Bon, nenpòt moun ki konnen listwa, konnen ke moun sa yo nan epòk lontan sa yo, se te bandi ak—ak zam tankou yon pakèt diferan lòt, yo pat sitwayen onèt, yo te yon bann rebèl, yo te tankou Al Capone ak Dillinger. Gen yon emisyon nan Hollywood, yo pase nan—nan televizyon, ki rele “Gunsmoke.” E mwen te tande nan *Monitè a* lòt jou ke bonòm ki jwe ladann lan, se Arness osinon yon lòt

bagay, oswa Arness, oswa mwen bliye kijan li rele, e li te sipoze pran . . . Li reprezante Matt Dillon ki te yon cherif nan Kansas. E Matt Dillon te pè tankou yon lapen. Li te tire venntwit moun ak bal nan do, moun ki inosan, alòske li t ap soti nan Dodge City e ke li te kache nan yon ti touf bwa. E lè sa yon moun te apwoche, e te gen yon moun ki te rele l e di l ke te gen yon mekan k ap vini, konsa li te rete kache la a e, lè moun lan te rive, li te konn tire l ak yon bal nan do. Kounye a nou konstate ke li se yon “gwo zotobre” ki parèt. Ebyen, sa se—se glorifye peche sèten sèten. Men timoun nan peyi nou kapab di w plis bagay sou Matt Dillon ke sou Jezikri. Magazen—yo—yo—yo, magazen ki vann bagay bon mache yo, ak boutik ki vann rad yo, chaje ak ti—ti zam an jwèt, ak ti chapo ke—ke ou kapab achte nenpòt kote. Se nòm al pou w mete sa sou ou, men m—m jis ap di w, ou wè. Donk yo—yo, sektè komès la, pwofite de sa pou yo fè yon bann milyon dola.

⁴⁸ Nou gen sa nou rele “Jou Fèt Sen Patrik,” nou gen sa nou rele “fèt relijye” sa yo. E sektè komès la pwofite de sa, epi yo fè dè milyon dola. “Jou Fèt Manman Yo,” pakèt flè. Franchman, chak jou ta dwe yon jounen pou onore manman. Li enstale yon kote, li aje, al wè l. Sa ap vo plis ke tout flè ou ta ka voye pou li, oswa nenpòt lòt bagay. Ou wè, men yo pwofite de li. Sa se yon vwa, e—e nou jis wè nou melanje ladann. Sa vrèman pa kòrèk. Men kisa w ka fè? Ou wè, nou—nou jis . . .

⁴⁹ M ap eseye rive nan yon pwen la a pou m di nou yon bagay, sa ke mwen—mwen kwè. Vwa a ra, Vwa Bondye a.

⁵⁰ Bon, nou jwenn ke se yo ki fikse ak ki vitès pou w ale. E èske w te janm remake? Jèn gason nou yo se “Ricky” ak “Elvis.” Si w gen yon timoun ki rele konsa, chanje non l touswit, rele l nimewo “en” oswa nimewo “de,” oswa yon lòt bagay. Piga w fè sa, se terib . . . Ou ta ka di: “Ki diferans yon non fè?” Ebyen, se sèten, li vle di yon bagay. Non pa w karakterize vi pa w. “Bon, Frè Branham, ou tonbe nan nimewoloji.” Non, m pa ladann! Mwen nan MEN SA SEYÈ A DI! Poukisa Jakòb te konn ap viv dapre siyifikasyon non li kòm—kòm yon twonpè, yon move zafè, Jakòb. E lè Bondye te chanje l, Li chanje non pa l tou. Bondye te chanje non Sòl an Pòl, Simon an Pyè. Sètènman, li vle di yon bagay. E Ricky e Elvis, ak non tankou sa, se non Ameriken modèn lan k ap mennen yon timoun otomatikman toudwat nan sa. Ou wè sa m vle di a?

⁵¹ Bon, mwen espere ke mwen pa . . . Se mye ke m fè bak pou pa al twò lwen sou pwen sa, (ou wè sa m vle di a?) pou si ou pa ta ka konprann. Men moun òdinè a pa ka menm konprann tout bagay sa yo. Yo pa sezi l, paske yo swiv yon sèl tandans. Se tout sa yo tande, vwa sa yo.

⁵² Genyen vwa filozòf, Kominis, k ap pwomèt yon bagay ke yo pa ka sipòte. E poutan yon gran pousantaj nan pèp Ameriken an vlope nèt nan Kominis. Bon, mwen deja vizite Kominis, rejyon

Kominis yo, pito, an Almay, kote lès lavil Bèlen. Yo te gen gwo tonton kay pou montre fasad deyò. Ou ta dwe mache anndan yo, yo poko menm fini. Se yon ekonomi ki fo, y ap eseye fòse fè yon bagay.

⁵³ E, nan Larisi, kote Kominis te pran nesans. . . Sa fè, anpil ane de sa, lè m te jis yon ti jèn predikatè, mwen ta kapab di trant twazan konsa, lè Nazis, Fachis, ak Kominis tap parèt, mwen te di: “M ap pale nan Non Seyè a! Yo tout gen pou abouti nan Kominis.” Men, èske w te janm panse sa, Bondye te kite yon fason pou nou chape poul nou, si nou te ka pran l. Gen sèlman yon pousan nan Larisi ki Kominis, yon pousan, men se pousantaj sa a ki gen kontwòl la. Yon pousan Kominis. . . ou pito, yon pousan nan Larisi ki Kominis, men yo gen kontwòl.

⁵⁴ E se menm bagay la, Hollywood se yon sèl plas, men yo gen kontwòl.

⁵⁵ Gen anviwon yon tyè osinon de tyè nan popilasyon Etazini an ki pral legliz, e ki manm legliz, men gen kontwòl nan denominasyon sa yo.

⁵⁶ Sa Kominis la bezwen laba a se pou Vwa Bondye a leve nan mitan yo, e Sa va fè l wont.

⁵⁷ An Fenlann, lè ti gason sa a te resisite soti nan lanmò jou sa a, e ke yo te elwaye m yon distans de twa blòk kay, de kote ti bonòm sa te resisite a, nan lanmò a; sòlda Kominis, Ris yo, te kanpe la o gadavou Ris, ak dlo kap koule desann sou machwè yo. Yo te di: “N ap aksepte yon Bondye ki ka resisite mò.” Se akòz neglijan legliz Katolik ak legliz Literyen, e tout denominasyon sa yo, e yo te ranmase tout lajan yo nèt, e yo te bati yon pakèt òganizasyon, e san yo pa bay pèp la anyen. Y ap viv menm jan ak rès pèp la. Dwe genyen. . .

⁵⁸ Sa Larisi bezwen se pou yon pwofèt leve vin sou sèn lan ak Pawòl Seyè a, ki ka—ki ka fèmen bouch. Lè sa katrevendiznèf pousan an ap pran kontwòl.

⁵⁹ Sa Etazini bezwen se Vwa pwofèt Bondye a, ki ta ka leve kanpe e kondane Hollywood, epi kondane bagay sa yo nan Non Seyè Jezikri, e Legliz Sentespri a va pran kontwòl. Gen twòp konfizyon, ou wè, gen twòp vwa kontrè ki kont Li.

⁶⁰ Pou legliz menm, vwa pa l, yo chak vle gen plis manm. Batis yo vle tout pou yo, Metodis yo vle tout pou yo, Presbiteryen yo tou. Nou tout gen bagay sa yo. E Katolik yo sanble yo pral pran tout pou yo, e yo va fè l. Se egzaktman sa Vwa Bondye a deklare nan Bib la. Yo gen pou domine.

⁶¹ Men Bondye Trè Wo a va reye finalman. Sen yo va pran kontwòl, yon jou, Bib la deklare sa. Yo va pran kontwòl.

⁶² Ala pakèt vwa terib! Epi gen vwa fo pwofèt la. Se yon vwa ki terib, yon nonm ki rele tèt li pwofèt. Yon pwofèt, natirèlman, se yon predikatè. Mo modèn “pwofèt” sa vle di absoliman “yon

nonm k ap preche anba enspirasyon.” Men yon nonm ki leve kanpe e ki rele tèt li pwofèt, e ki renye Pawòl Bondye a, ki renye Verite Bondye a. Gen si tèlman vwa!

⁶³ Jis toutalè a, te gen yon frè la a ki t ap montre m ki kote pou m fè pou m vini isi a, men mwen . . . panse ke li dwe mande l poukisa mwen te kontinye tou dwat nan lari a epi mwen vire an won epi mwen retounen. Si w isi a, frè, mwen t ap tande yon bagay, se te frè koulè nou—nou yo, nwa yo. Yo gen yon tanp bò isi a, e yo rele l “Eli Maomè a,” osinon yon bagay konsa, “jèn Eli Maomè.” Y ap pran pye ak yon vwa, e y ap di ke se yo ki vwa ki pral retire ras nwa a—a nan dezòd tèt anba sa a. Sa, ou wè, se bagay la menm, tanp Mizilman yo—yo—yo a isi a, Moske yo a. Franchman, ou pa wè, ke orijin li menm, se fo!

⁶⁴ Moun ras nwa yo, menm jan tankou moun ras blan yo, moun bren yo, ak moun ki ras jòn yo, se pa tounen—tounen nan Maometis, men se tounen al jwenn Kris, ki se prensip menm ke Bib la anseye. Maometis kont Pawòl la. Bon, mwen te genyen privilèj pou m te mennen di mil Maometan vin jwenn Kris yon fwa nan Durban, Afrik di Sid. Sa pa pwodi lòt bagay ke sikoloji. E sikoloji kòrèk toutotan ke sikoloji pa renye Pawòl la. Men lè sikoloji renye Pawòl la, alò sikoloji fo. Li bay yon son ki pa sèten. Se la ke tout lòt bagay gen pou pase eksepte Pawòl Bondye a, Jezi te di sa: “Syèl la ak tè a gen pou yo pase, men Pawòl pa Mwen an pap janm pase.” Alò, ou wè nou dwe rete ak Pawòl la, Vwa a.

⁶⁵ Tèlman gen bagay k ap mete konfizyon! Moun yo annik leve, yo pa konn Pawòl la, e y ap di de bagay, e petèt sa ka parèt trè rezonab. Kominis se yon bagay trè rezonab: “Tout moun se menm. Kapitalis yo pa egziste ankò, yo tout vin Kominis.” Èske w te janm chita panse ke sa se yon fo revèy, Kominis la ye? E ki kote li te jwenn modèl sa? Yo . . . Jezi di: “De espri yo ap si tèlman pwòch, ke sa t ap sedwi Eli yo si se te posib.” E tout sa ke dyab la genyen, se yon pèvèsyon de sa ke Bondye te kreye. Peche se—se jistis ki pèvèti. Yon mansonj se Verite a ki defòme. Adiltè se—se, yon ak ke Bondye te etabli pou nou, ki pèvèti. Tout enkredilite se pèvèsyon kwayans. Ou dwe renye Verite a pou w ka pran pèvèsyon an—an. Ou wè, redrese vwa sa yo, ba yo tèl Pawòl la pou w wè si se Verite.

⁶⁶ O, ala kontinye nou te ka kontinye ap pale sou pale, sou vwa sa yo, men tan nou depase. Men, si tèlman gen yon pakèt vwa ke moun yo pa konnen kisa pou yo fè. Metodis yo finalman va tande yon predikatè Batis, yo va al laba a, yo va fè yon ti rete la a epi yo va al kay Literyen yo. E kay Pannkotis yo, yo gen diferan gwoup, youn ap kouri al kay sila a, epi lòt la ap kouri al kay sa a, epi vire ale tounen. Sa montre ke nou pa estab. Tande Vwa Li a! Men Li la a, ekri sou papye, Vwa a, Vwa a gen pou Li konfime si Li se Verite a.

67 Moun legliz pa konn kisa pou yo fè, sektè politik la tètanba. Tout bagay sanble yo tèt anba. Moun ap kouri pa si, yon lòt bagay vini, yon palto, yon manto. Lè m te nan vil Wòm, yo te genyen diznèf diferan klou otantik ki te pèse men Jezi; e genyen sèlman twa, men poutan yo anrejistre ke gen diznèf diferan klou. Bon, ki diferans sa fè ke nou konnen kiyès ki gen klou a? Kris pat janm kite klou pou nou adore, Li kite Sentespri a, ak Pawòl Li! “Men mirak ki va akonpaye sa yo ki va kwè, yo va genyen klou orijinal la”? “Yo va genyen . . . Men mirak ki va akonpaye sa yo ki va kwè, yo va fè pati denominasyon ke mwen fonde yo”? Li pat fonde youn. Ou wè jan vwa a kontrè?

68 Men, “Men mirak ki va akonpaye sa yo ki kwè; yo va chase move lespri nan Non Mwen.” Men Pawòl la. “Yo va pale lòt lang; yo va kenbe sèpan, anyen pap rive yo. Si yo ta bwè pwazon, anyen pap rive yo. Y a mete men sou moun malad yo, moun malad yo va geri.” E siveye bagay sa yo ak tout rèz Lèzekriti a mete ansanm.

69 Bon, sa sèlman pa pral ka konfime li, pa ditou. Men kote nou menm Pannkotis yo nou fè yon move wout. Èske Jezi pat di: “Anpil moun va vin bò kote M lè jou sa a va rive, epi y ap di: ‘Seyè, Èske se pat nan Non Ou mwen te konn fè gwo zèv? Èske se pat nan Non Ou mwen te konn pwofetize? Èske se pat nan Non Ou mwen te konn fè tout bagay sa yo?’” E Jezi te di: “Wete kò nou sou Mwen, nou menm k ap fè sa ki mal, Mwen pat janm konnen nou.” Èske nou wè, sèm ak frèm yo, poukisa mwen si tèlman ap kondane e akize generasyon sa a? Ou ka pale lang lèzòm ak Zanjan yo, petèt ou ka danse an Espri tout kote nan legliz la, sa pa gen anyen pou l wè ak Sa.

70 Mwen konn wè Maometan ap danse toupatou konsa. Mwen konn tande doktè . . . sòsyè nan yon peristil, m konn wè sòsyè yo leve kanpe e yo pale an lang e yo entèprete l, e yo di egzakteman kisa k ta pral rive, e sa te rive konsa. Mwen menm wè yon kreyon rete dwat epi ekri nan yon lang enkonni, e yon sèl la a te kapab li l, e se te dyab la. Ou pa ka baze desten Etènèl ou sou sansasyon. Satan ka imite nenpòt nan sansasyon sa yo. Se pa . . . Se konn Kris, yon bagay chanje nan vi w. Siveye vi w e konpare l ak Pawòl la, epi gade ki kote w ye. Fè envantè, sètènman.

71 Malgre tout imitasyon sa yo, fo vwa sa yo, fo pwofèt sa yo, tout lòt bagay sa yo k ap parèt yo, Jezi te di kan menm, malgre tout bagay sa yo: “Si yon moun tande Vwa M epi si li swiv Mwen.” Li se Pawòl la. Tande, komisyon Li pou nou jodi a, nan mitan tout vwa sa yo. Kòm mwen di, sa tap pran yon pakèt lè pou m ta pale de tout vwa sa yo. E sa mete konfizyon pou moun yo, se yon bagay tris. Epi, lèfini, ou pap gen yon dezyèm chans, ou dwe sezi Li kounye a. Ou ka pa gen yon chans aswè a. Ou ka pa gen yon chans demen. Se kounye a! “Lè w tande Vwa M, piga ou fè kè w di, tankou nan jou pwovokasyon yo. Se kounye a lè a rive. Se lè pou w akseptè favè a e alò si yon moun tande Vwa M.” Sa montre ke Vwa pa L ap toujou la nan mitan tout dezòd tèt

anba sa a. Li toujou gen yon Vwa! Poukisa? Vwa pa L ap toujou egziste. Men li: “Syèl la ak tè a ap pase, men Vwa M pap janm pase,” Pawòl Li.

⁷² Ann pran, annou di, senk lòt minit, byen vit. Èske w ka, èske w dakò pou w rete jouk lè sa a, osinon kèk minit? Bon, m pral depeche m. Annou pran kèk moun ki te tande Vwa sa a e ki te obeyi Li. Kòman Li te fè yo aji, kisa Li te fè yo fè. Kounye a m pral mete sou kote an—anpil pasaj nan Lèzekriti isi a la, jis yon fason pou m ka vin drèt sou ou: kòman Li te chanje lavi yo ak tout moun ki te bò kote yo; kòman yo te vin dè tip dwòl, nou rele sa yon “tip dwòl.” Tout moun ki te janm kwè nan Bondye, te konsidere kòm yon tip dwòl. Paske si w ap mache selon tandans mond lan, gen yon bagay ki mal lakay ou. Pou w ka yon Kreyen ou dwe yon tip dwòl. “Paske tout sa yo k ap viv nan pyete ansanm ak Kris Jezi gen pou soufri pèsekisyon mond lan. Li te nan lemond, e se Li ki te kreye lemond, e lemond pat konnen Li.” Ann al pi vit kounye a, koute byen alòke n ap fini.

⁷³ Adan te tande Vwa Li, nan bèl frechè aswè yo, e li te konn fratènize avè L. Pat gen okenn kondanasyon pou Adan. Li te tande Vwa Bondye, epi l te di: “Papa, kounye a mwen lonje kòm pou m dòmi.” E li lonje kò l, ak Èv nan bra l, lyon an, tig la, ak bèt sovaj yo te jis lonje toutotou li, pat gen okenn mal, okenn mwayen pou tonbe malad, okenn fason pou li t ap mande si l ap leve demen maten, yo t a pral leve. Adan te tande Vwa Li nan fason ke li te dwe tande L.

⁷⁴ Men yon jou li te tande vwa madanm li. Li ta mye m mete sa de kote pou yon ti moman. Men li te tande move vwa a, poutan se te madanm li, lyen ki te pi pwòch li te genyen sou tè a. Poukisa li pat di, tankou Jòb: “Ou pale tankou yon fanm ensanse”? E si se konsa sa te fèt, tout ras imen an nèt t ap viv olye l mouri. Sa te vin chanje pakou lèzòm ak tan an tou. Men li te tande Vwa Bondye a, li te fratènize avè L, men lè li te tounen . . . Kòman li te fè konnen ke madanm li te nan erè? Sonje, sa te bon.

⁷⁵ Nou panse jodi a ke òganizasyon nou an, legliz, nou panse ke paske n ap pwospere jodi a se Bondye k ap souri avèk nou. Sa parèt byen. Sa te parèt byen lè Miche te byen te kanpe la a devan katsan pwofèt yo, e tout peyi a te pou yo, api Filisten yo te sou li, osinon Asiryen yo, sa te parèt byen. Pwofèt sa yo t ap di: “Ou mèt monte, se pou nou li ye. Mache pran l!” Men se pat Vwa Bondye. E Miche te retounen epi li te modi vwa sa a. E kòman li te fè konnen pou li fè sa? Paske vizyon li an te an akò dirèk avèk Pawòl la. Se sèl fason pou kwè sa e pou nou wè l jodi a, li dwe nan Pawòl la.

⁷⁶ Epi èske w te remake? Apre ke Adan te fin tande yon lòt vwa ke Vwa Bondye, pwòp madanm li . . . E legliz ap tande vwa òganizasyon pa l la, k ap enjekte anndan yo kredi olye de Pawòl la, k ap kite yo viv nenpòt jan yo vle. Osi lontan ke y al legliz e ke yo manm yon legliz kèlkonk, se sèl sa ki enpòtan. Relasyon ki pi

pwòch ke kwayan an gen sou latè, pou yo menm, se legliz. Men pou kwayan an, vrè kwayan an, relasyon ki pi pwòch ke li genyen se Sentespri a, se Pawòl Bondye a.

77 Alò nou dekouvri ke Adan te reyalize kondisyon li, e li te tandè Vwa Bondye ki tap rele l ankò, e li te vlope ak fèy figye lè sa. Men se te yon Vwa kondanasyon: “Poukisa ou te fè sa?”

78 M ap mande m si Etazini jodi a, osinon lemonn nan dezòd relijye li ye a, jan sa ye la, epi Etazini k ap anglouti, ki anglouti, pral gen yon relijyon pou nasyon an talè konsa. [Pati vid sou kasèt la—Editè a]

79 Ki moun kap anrejistre m? Mwen konnen ke yo pran l sou kasèt epi li pralè toupatou nan mond lan. Nou gen yon pwogram kasèt, pou ke chak Mesaj ale nan lemond antye, nan tout lòt peyi.

80 Ebyen, kounye a si w louvri je w pou w wè, ou jis abiye ak fèy figye. Lè veritab Vwa Bondye a pale, yo pa konnen kisa pou yo fè ak sa. Sa pote konfizyon, yo pa konn kisa pou yo fè.

81 Rapidman, Noe te tandè Vwa Bondye. Li t ap prepare pou sove lavi l, e li te swiv enstriksyon yo epi li te kenbe fèm.

82 Si yon moun tandè Vwa a . . . Kounye a tandè, sezi sa tout bon. Pa manke sa. Si yon moun tandè Vwa yon Bagay, epi si Li pwouve ke se Vwa Bondye, epi se moman an, epi sa te vin de nonm sa, syèl la ak tè a va pase men Pawòl sa pa ka pase.

83 Noe te tandè Vwa a, e li te kondane mond lan. E yo te ri l nan figi l paske Mesaj li—li a pat ale ak sa lasyans pa yo te reyalize, men lapli te tonbe e li te detwi mond lan nèt. Ou wè? Vwa li te pale, semans lan t ap repoze la a. Chak aj se te menm bagay.

84 Samyèl, li te pè lè li te tandè Vwa Bondye, ke li te . . . dwe ale pou l kondane Eli, nonm ki te pran swen l la. Nonm ki te yon papa pou li e ki te elve l epi ki te nourri l.

85 Frè minis yo, nou pèmèt mwen? Minis yo, anpil fwa, sou baz denominasyon ak kredo yo, ak kalifikasyon yo posede, de pwòp papa yo, de òganizasyon menm ki te pran swen yo e nourri yo epi ki te mete yo nan yon pozisyon elve nan legliz, nan yon kongregasyon, ou oblije frape fò sa yo anseye. Ou wè? Ala yon bagay terib sa ta ye pou yon vrè sèvitè Bondye ki fin tandè Vwa Bondye a epi vin retounen bò kote menm manman òganizasyon sa a, pou l di li: “Ou kondane paske ou pa vle resevwa Pawòl sa.” Ala yon bagay!

Se te difisil pou Samyèl. Men li te yon pwofèt, li te dwe fè l. Menm si sa te fè mal ou pa, li te dwe fè l kanmenm.

86 Moyiz te tandè Vwa Bondye. Li te ranpli ak teyoloji. Li te konn tout *ti antrè* ak *soti yo*, men sa te echwè. Li te tandè Vwa Bondye, Moyiz pat janm tounen menm moun lan.

87 E pèsòn pa janm rete menm jan an. Ou ka byen tandè Vwa a—a k ap pale nan zòrèy ou, men lè w tandè Vwa a k ap pale nan

kè w, ou wè, sètalo ke w ap tande. Ou pa wè ak je w. Ou gade ak je w, ou wè ak kè w. Ou wè yon bagay, ou di: “Mwen jis pa wè l,” ou vle di ou pa konprann li. Ou pa tande ak zòrèy ou, ou tande ak kè w. Anpil fwa zòrèy ou tande vrè Vwa pa Bondye a, e Li tonbe sou ou tankou dlo ki tonbe sou do yon kana. Men lè ou vrèman tande, ou tande ak kè w.

⁸⁸ E malgre tout teyoloji ke Moyiz te genyen an, li pat tande Vwa Bondye. Men yon jou Bondye te rele bèje katrevenzan sa sou kote epi te pale avè l, e li te sezi Sa. Li te pwouve ke Li se Bondye. Premye bagay Li te fè pou Moyiz, se te konfime Pawòl Li: “M ap desann, Mwen sonje sa M te pwomèt.”

⁸⁹ E se sa Li te pwomèt pou dènye jou sa yo. Ke Li va sisite yon pèp pami Moun lòt nasyon yo, ak tout pwomès yo.

⁹⁰ “Mwen te fè pwomès sa a.” Li te di: “Moyiz, wete soulye w.” Nan yon lòt sans, onore Li. “Kounye a jete baton w lan atè.” E yon—yon baton sèk ki sòti nan dezè a te tounen yon sèpan, e Moyiz te ramase l, epi li te retounen nan eta li te ye anvan an. Ou wè? Li konnen ke se te Bondye, paske Bondye te di, Pawòl Bondye a, Pawòl Li t ap pwononse a, te di: “Jete baton ki nan men w lan atè.” Se Pawòl Bondye a. Piga w eseye fè menm bagay la, se pa Pawòl Bondye pou ou, se Pawòl Bondye pou Moyiz. Men Pawòl Bondye a pou ou! “Jete baton an atè.” Li te tounen yon sèpan. Li di: “Bon èske w pè l? Pran li nan ke,” e li te retounen nan plas li ankò. Se te Pawòl Bondye a pou li. Kisa Li te fè? Bondye te konfime Pawòl Li.

⁹¹ Mwen te resevwa yon apèl kèk mwa pase, anviwon, sa fè, o, sa fè anviwon ennan, plis ennan pase. Yon ti dam ki te branche sou lòt bout telefòn lan, ak yon predikatè Batis e yon predikatè Pannkotis. Li te di: “Frè Branham, Seyè a fè m yon pwofetès.”

Mwen di: “Se byen.”

⁹² Li te di: “Ou konnen, yo di m ke ou di ke ou—ou temwaye ke ministè m nan soti nan Bondye.”

⁹³ Bon, mwen pa t ap ka fè sa, se kontrè ak Pawòl la. Alò mwen te di: “Madanm, sa se yon erè. Mwen pa menm konnen w.”

⁹⁴ E predikatè Batis la, m te tande l, m te tande predikatè Pannkotis la. Li te di: “Ebyen, m ap fè yon reyinyon bò isit la.” E li te di: “Seyè a ap fè gwo bagay.”

⁹⁵ Mwen te di: “Mwen gen rekonesans pou sa.” Li te di . . . Mwen te di: “Èske Li te janm di w yon bagay kèlkonk deja?”

Li di: “Wi, m gen yon gwo pwogram nan menm.”

⁹⁶ Mwen di: “Se yon mèvèy.” Mwen di: “Bon, kisa k pwogram ou an?” Mwen di: “Kisa Seyè a di w?”

⁹⁷ “Li di: ‘Ale Phoenix, nan Arizona, tèl-tèl dat, epi m pral ba ou Min Lò Olandè ki te pèdi a, e ou va pran lò sa ki la a e ou va

sipòte misyonè toupatoù nan mond lan.” Alòke nou tout konnen ke Min Olandè ki te pèdi a se yon lejann. “Alò Li di.”

⁹⁸ Mwen di: “Ebyen, m pral di w kòman pou w konnen si se Bondye ou pa.” Mwen di: “Ou dwe ale la a jou sa. E si se ou ki jwenn Min Olandè ki te pèdi a, alò se Bondye. Si w pa jwenn Min Olandè ki te pèdi a, alò repanti w epi chase move lespri manti sa sou ou.” Se konsa pou w konnen si se Bondye ou pa.

⁹⁹ Bondye di: “Moyiz, jete baton an atè, e l ap tounen yon sèpan.” Li te fè l. Li di: “Ramase l e li va tounen yon baton ankò.” Li te fè l.

¹⁰⁰ Lè Bondye fè pwomès yon ministè nan dènye jou sa yo, L ap konfime l jis egzaktman jan Li te di L ap fè l la. Alò ou mèt konnen ou gen vrè Vwa a. W ap tande vrè Bagay la, paske se Pawòl la konfime. Ou wè? O, kòman... Ekskize m, mwen... Dakò.

¹⁰¹ Moyiz te ajì diferan. Gade yon—yon bagay biza Moyiz te fè. Bon, lè w ap swiv Vwa Bondye, ou toujou fou, pou mond lan. Jou aprè a, nou jwenn Moyiz, ak madanm li ki chita sou yon milèt, e yon timoun sou tay li, oswa jan yo di nan sid la, yon “timoun” sou tay li, epi men yo. Vye tonton sa a ak bab li pandye *konsa*, e tèt chòv li a byen klere, yon baton nan men l, ap kondwi yon ti bourik, ap dirije l drèt nan direksyon peyi Lejip jis pi vit ke li te kapab ale. Yon moun te di: “Moyiz, kote w prale?”

¹⁰² “Mwen pral nan peyi Lejip, pou m pran kontwòl bagay yo.” Kote ke li te echwe lè l te yon jèn gason, li te echwe antan ke militè, men men li la ki tap kouri desann pou l pran kontwòl. E li te fè l. Poukisa? Li te tande Vwa Bondye a e li te wè Li konfime pou jou pa l la, pou bagay yo ki te dwe vini nan jou pa l la. Li te wè l.

¹⁰³ Pòl, yon Farizyen ak pwòp fason pa l, ranpli ak teyoloji otan ke l te kapab, men yon jou li te tande Vwa Bondye. Li te wè yon Kolòn Dife, e li te konnen te gen yon bagay diferan. Sa te chanje lavi l. Se pat enpòtan kantite Farizyen, kantite Gamalyèl oswa nenpòt lòt ki te kapab kriye di Pòl: “ou nan erè, ou nan erè,” Pòl te tande Vwa Bondye, li te konnen Se te Laverite.

¹⁰⁴ Pyè, menm lè li te ka nan relijyon nèt ale, ap kenbe tradisyon ansyen yo, li pat vle manje okenn vyann. Non, mesye. Li pat vle an afè avèk sa ditou. Li t ap gade tout bon tradisyon ansyen yo, alalèt. Kisa k te rive? Yon jou li te tande Vwa Bondye: “Piga w konsidere kòm souye ak malpwòp, sa Mwen rann pwòp.” Li te vin yon nonm chanje. Li te prè pou l ale nenpòt kote Seyè a te voye l.

¹⁰⁵ Pou fini, kite m di sa. Te gen yon nonm yon fwa ki te yon kwayan. Li te mouri depi kat jou. Li te nan tonbo, santi, dekonpoze, men li te tande Vwa Bondye di: “Laza, leve soti!” E si Sa te resisite yon nonm apre ke li te fin mouri e dekonpoze, kisa Sa ta dwe fè sou yon legliz ki gen lavi ankò ladann? Sa ta dwe resisite yo, fè yo soti nan dezòd tout vwa sa yo ke nou te pale

de yo a, relijyon, politik, Hollywood, tout fo pwofesi ak bagay sa yo ki te deklare. Nan mitan tout sa, vrè Vwa pa Bondye a va rele yon nonm, ki mouri nan peche ak transgresyon, vin viv ankò. Sa ta dwe pran yon legliz ki chite epi fè l vin viv ankò. Absoliman!

¹⁰⁶ Sonje, pou fini, m ap di sa, epi m ap klotire. Jezi di: “Lè a gen pou li rive, kote tout sa yo ki nan tonbo gen pou yo tande Vwa Bondye a.” E ou pral tande L. Kèlkeswa nan kondisyon ou ye a, ou pral tande L kanmèm. E kèk pami sa yo k ap soti nan tonbo yo, pral soti pou kondanasyon yo. Y ap tande Vwa a, men L ap kondane. E si nou tande Li jodi a: “Jodi a, apre tèlman lontan, lè nou tande Vwa M, piga nou fè kè nou di, jan nou te fè l nan jou pwovokasyon yo.” E si nou menm, moun Pannkotis yo ki fè gwoup pa nou nan kredo ankò, nan mondanite, “yo gen aparans pyete men yo renye sa ki fè Fòs li a,” anvan sa ou dwe resisite pou w ka kondane, paske Vwa Bondye a kap pale avè nou kounye a atravè Pawòl la pral kondane nou jou sa a.

¹⁰⁷ Si ou se jis yon kwayan tyèd, Vwa Bondye a ap kriye nan kè w maten an: “Ou se yon kwayan tyèd,” ou ta fè mye repanti!

¹⁰⁸ Nou menm mesye yo, fanm yo, ti gason yo osinon ti fi yo, ki pap viv pou Kris, e Vwa Bondye a ap pale avèk nou atravè Pawòl Li e li di: “sispann fè sa,” ou ta fè mye sispann. Paske ou pral tande L ankò yon jou, e Li va kondane w. Ou pa ka renye L, L ap pale avèk ou kounye a. E, sonje, sa anrejistre.

¹⁰⁹ E sila yo ki fè byen e ki tande Vwa Li, yo va resisite pou jistis la, pou Laglwa, pou Syèl la.

¹¹⁰ Kifè ou va tande Vwa Bondye a yon lè. Petèt ke se tou fèb maten an L ap pale nan kè w, pou w ka detounen w de chemen ou pran an, pou w retounen jwenn Bondye. Kounye a, sonje, yo pral anrejistre, nan Syèl la, Vwa sa k ap pale a kè w la. E yon jou lè Jezi va fè apèl la, e tout sa yo ki nan tonbo, tout nèt, bon ak move a, va resisite. E lè sa Vwa sa menm va pale dousman ankò avè w: “Nan Phoenix, Arizona, yon sèten dimanch maten, lè minis lan te kenbe w tèlman lontan, ap pale de Vwa a, Mwen te pale avè w; Mwen te di nou fanm yo pou nou kite cheve nou pouse, sispann mete abiye fason imoral; m te di nou menm mesye yo pou nou sispann bay manti, fimen; m te di nou menm predikatè yo pou nou retounen jwenn Pawòl Bondye a.” Ou wè sa m vle di a? Se vre.

Ti Vwa dous sa di: “Sa kapab vre.”

¹¹¹ Menm si m te dwe vini tankou Nikodèm, m t ap toujou eseye rive la. Mwen t ap vin jwenn Li, e mwen t ap ale yon kote nan dezè a, epi m t ap di: “Seyè Bondye, men mwen, chanje m kounye a. Ban m fòm fason pa W la.” Retounen nan Pawòl la. Kote lè w wè w tap abandone Pawòl la, retounen vin jwenn sa la menm, paske yon chèn pa pi fò ke may li ki pi fèb la. E nenpòt kote nan lavi w ke w te abandone kòmandman Bondye a, pou w te sèvi

tradisyon, se la chèn ou an ap kase kèlkeswa jan ou fèm sou lòt bagay yo. Kenbe men Bondye ki pap chanje a.

112 Annou lapriyè. Jodi a, apre tèlman lontan, Seyè, Ou te di ke Ou t ap pale, Ou t ap ekri lwa W yo sou tab kè. Mwen pa konnen kisa ki kanpe devan m. Sèl bagay mwen konnen pou m fè se pran Pawòl Ou e simaye Li, se sèten Li pral antre yon kote anba kèk wòch. Mwen priye, Bondye, ke Ou va pale avèk chak jèn moun, chak moun nan laj mwayen, granmoun yo, nenpòt sa li ye a. Pale a kè mwen, Seyè. Pale a kè minis sa yo. Pale a kè moun ki nan asanble a.

113 Nou priye, Papa, pou ke jodi a nou tandè Vwa W. E nou konnen, menm jan li te ye nan tan Samyèl la, yon vizyon se yon bagay ki ra, e sa te fè moun yo pè. Se konsa li ye jodi a. Nou gen rèv ak moun k ap fè rèv, nou gen moun k ap pale ak moun k ap entèprete, men yon vizyon ki vin ak Pawòl Seyè a, e ki ap korije. . . Nou priye, Papa nou ki nan Syèl la, ke Vwa sa ki t ap rele fò nan dezè a: “Prepare chemen an pou Seyè a,” ke Sentespri a bay Vwa sa ankò jodi a: “Prepare Retou Seyè a!” Men ala Sa te dwòl, paske gen si tèlman lòt vwa pou fè L bèbè epi mete L de kote, men Li agreab nan zòrèy sa yo k ap tandè L. Mwen priye pou ke Sentespri a fè travay la kounye a nan kè nou tout.

114 E pandan ke tèt nou bese a, e mwen espere tou kè nou bese: Si ou konn ki kote ou te dezobeyi nan lavi w, ou konn kèk Ekriti, ou konnen ki ansèyman Bib la ke ou pat aplike, akòz yon bagay, vwa Hollywood la te fè w fè yon bagay diferan. Yon kote ke nou menm minis yo nou te jwenn nan Bib la, ki se Laverite pou vrè, men nou konnen ke òganizasyon nou an t ap mete nou deyò si nou te anseye Sa, e nou konnen ke se absoliman Laverite. Moun yo menm k ap ramase move bagay, k ap mennan yon movèz vi. Nou menm papa ak manman yo ki pa eseye korije pitit nou, ki pa eseye byen elve yo. Ou ka eseye fè mye posib, e kanmèm yo file drèt nan mondanite, men mete egzanp devan yo. E si ou pa fè l, Vwa Bondye ap di ou: “Piga w fè sa.”

115 E kounye a pandan chak tèt bese e tout je fèmèn, ke Bondye a ki nan Syèl la voye je gade nan kè tout moun sa yo ki grangou e ki jwenn kote ke yo gen tò. E ak yon men leve pou Bondye, y ap di: “Seyè, mwen vrèman dezire ke Vwa Ou retire tout enkredilite nèt, e tout bagay ki pa tankou W, e fè mwen sa ke Ou vle ke mwen ye a.” Èske w vle leve men w, alòske ou . . . ? Ke Seyè a beni. Bondye beni w.

116 Epi Bib la di, Jezi di, malgre gen tout lòt vwa sa yo: “Poutan si yon moun tandè Vwa Mwen.” Swiv Li, w ap jwenn sa w dezire.

117 Seyè, tan an fini. Men Bib la di ke: “Anpil ladan yo te kwè, yo te resevwa batèm.” Mwen priye, Papa nou ki nan Syèl la, ke chak sa yo ki leve men yo kòm yon vrè konfesyon, ke Pawòl Bondye a ke yo te li a, e ki te fè yo wè yo te nan erè. Mwen pa janm gade mwatye nan yo. Se pa mwen ki dwe gade, se Ou ki dwe gade,

Seyè. Ou konnen motif ak objektif dèyè men ki leve a. Pèmèt yo, nan moman sa menm, pran desizyon sa nan kè yo: “Apati de jodi a, kounye a, M ap aksepte Pawòl Bondye a ak Vwa Bondye a, epi m ap swiv Li kèlkeswa pri a.” E mete nan lespri yo, alòke y ap kite, chante powèt la: “Èske Jezi dwe pote kwa a pou kont Li, epi tout mond lan pati lib? Non, genyen yon kwa pou tout moun; genyen yon kwa pou mwen. E m ap pote kwa konsakre sa a jouk lanmò va libere m.” Epi lè Vwa Bondye va gwonde, “M va parèt nan jistis Li, paske mwen te swiv Vwa Li, Vwa Pawòl Li.” Mwen remèt yo ba Ou kounye a, Seyè, nan Non Jezikri.

118 Kounye a pandan tèt nou bese, fè konfesyon w e pran angajman w. Mwen etone pou ti gason k chita la, k ap vire tèt li tout kote. E gen yon Vwa pou legliz: “Mwen se Seyè a k ap geri tout maladi w yo.” Sa se yon Vwa ki nan legliz. E nou tout ki bezwen gerizon, e w ap mennen yon vi konsakre avèk chak Pawòl Bondye a e ke ou konnen ki byen, e ou bezwen gerizon, m ap mande m si w te ka jis leve men w. Leve men w: “Seyè, mwen bezwen gerizon.” Dakò.

119 Kounye a, kenbe Vwa sa nan kè w: “Mwen se Seyè a k ap geri tout maladi w yo.” Sonje, lè Pawòl la pale, Li dwe akonpli. Jezi di, nan Mak 11:22: “Si yon moun di mòn sa a: ‘Wete kò w la,’ si l pa gen dout nan kè l menm, si l gen fèm konviksyon sa l di a gen pou rive, l a wè l rive vre.”


120 Kounye a, chak moun nan fason pa nou, bese tèt ou, fè konfesyon w: “Seyè, mwen kwè Pawòl Ou. Mwen tande Vwa Ou k ap di m ke Ou se menm moun lan ayè, jodi a ak pou tout tan.” M pral desann pou m poze menm sou timoun sa a, paske li twò piti pou l konnen kisa k ap pase a, yon ti gason presye, ki gen anviwon menm gwsè e menm laj ak ti Jozèf mwen an. E mwen vle nou tout ap priye, ap priye: “Seyè, mwen tande Vwa Ou. Mwen kwè.”

121 Papa nou ki nan Syèl la, nou prezante oditwa sa a devan Ou pou gerizon kò yo. E, Seyè, men yon pòv ti moun isi a, li atire atansyon m diran tout dewoulman Mesaj la, m ap gade yon paran chita la a kenbe ti bonòm lan. Dapre syans medikal, pa gen okenn espwa pou ti bway la. Gen yon Vwa Bondye ki domine sou tout bagay. E kòm legliz sa rasanble ansanm pou m egzekite chak kòmandman ke m konnen kijan pou m fè, rès la nan men Ou, Papa. M ap desann pou m poze menm sou timoun sa a.

122 Bondye Papa, nan Non Jezikri, mwen kondane bagay sa. Ke pwisans Bondye, gerizon Bondye. . . Ke gen yon tèl diferans nan li nan pwochen senk minit yo. Ke yo tout vin jwenn Bondye, pou glwa pa Ou.

123 Papa nou ki nan Syèl la, se Ou ki fè pwomès la. Se tout sa mwen konnen, Ou fè pwomès la. Sa te fèt, jan sa te di a: “Si yon moun *di* bagay sa,” e m ap di chak demon maladi osinon afliksyon ki mare oditwa sa a, ki mare moun sa yo, tout espri enkredilite, mwen deklare: “Wete kò w sou moun yo, nan Non Jezikri!” Bon,

nou konnen ke sa te ekri, e kounye a sa te di, ke sa akonpli, pou lonè ak glwa Bondye. E se nan Non Jezikri nou mande l.

¹²⁴ Kounye a, ou menm ki ka kwè, e ki kwè tout bon, kèlkeswa sa k rive, se pa yon obligasyon, semans lan plante la a. Ti bagay sa ki nan ou a, Vwa sa a. Paran timoun sa a, kèlkeswa kondisyon timoun lan, ou kwè ke semans Bondye a tonbe nan kè w, ke ti gason sa a ap pòte l byen? Rès nan nou ki ap priye, youn pou lòt, èske w kwè ke semans Bondye a tonbe nan kè w: “maladi m nan se fini”? Epi priyè lafwa te pwononse pou ou, antre poto sa byen fon. E si janmè Satan ta vin eseye, retounen tou drèt vèpanse sa a: “Antan m te kanpe nan legliz Panyòl sa a, jou dimanch maten sa a, yo te fè priyè lafwa te pwononse pou mwen. E Bondye pwomèt li!” Priyè lafwa a ap sove malad la e Bondye va fè yo leve kanpe. Sa dwe akonpli. Èske nou kwè l? Di: “Amèn.” [Asanble a di: “Amèn.”—Editè a] Bondye beni w. Kounye a m ap remèt sèvis la nan men Frè Rose, mwen sipoze isi a, Frè Jewel Rose. 

VWA BONDYE A NAN DÈNYE JOU SA YO CRE63-0120M
(The Voice Of God In This Last Days)

Mesaj sa-a ke Frè William Marrion Branham te preche premye fwa nan lang angle on dimanch maten 20 janvyè 1963, nan Legliz Apostolik ki nan Phoenix, Arizona, U.S.A., yo te prann a pati de yon anrejistreman kasèt mayetik ke yo te enprime konplètman an angle. Tradiksyon kreyòl sa-a te enprime e distribye tou pa Voice Of God Recordings.

HAITIAN CREOLE

©2019 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org